



Pou Piblikasyon Imedya: 10/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EKSPANSYON GWO ENVESTISMAN ETA A NAN INISYATIV SIBÈSEKIRITE

*Gwo investisman yo pral ogmante pwoteksyon sibènetik pou gouvènman lokal yo, ki baze sou investisman istorik bidjè 61.9 milyon dola ane fiskal 2023 a*

*Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta a pral etabli premye ekip evalyasyon sistèm kontwòl endistriyèl espesyalize*

*Ekip la pral travay pou pwoteje enfrastrikti kritik ak sistèm fabrikasyon kont menas sibènetik ak atak ki fèt pou deranje sèvis ak biznis*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 35.2 milyon dola nan nouvo finansman nan kad Eta Leta 2023 a pou sipòte amelyorasyon sibèsekirite nan tout eta a, tankou agrandisman sèvis pataje bay gouvènman lokal yo ki ede idantifye twou vid ki genyen nan sekirite ke yon advèsè ta ka eksplwate. Apati lejislasyon prensipal nan peyi a pou pwoteje kont menas sibènetik sou rezo enèji Eta a [Gouvènè a te siyen dènyèman](#), Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta a pral etabli yon ekip evalyasyon sistèm kontwòl endistriyèl espesyalize pou premye fwa pou ede pwoteje enfrastrikti enpòtan ak sistèm fabrikasyon atravè eta a epi fè sistèm sa yo vin pi rezistan kont atak sibènetik.

"Frekans, anplè, ak enpak atak sibènetik yo te ogmante, men nou pral kontinye pran mezi odasye pou sekirize ak pwoteje enfrastrikti enpòtan New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ekip evalyasyon Sistèm Kontwòl Endistriyèl yo, ansanm ak investisman rekò yo, pral sipòte pwogram evalyasyon sekirite fizik ak sibèsekirite pou ede enstalasyon yo amelyore posti sibèsekirite yo, kreye yon Empire State ki pi an sekirite ak plis sekirize".

35.2 milyon dola sa a chita sou [investisman istorik 61.9 milyon dola Gouvènè Hochul la nan bidjè ane fiskal 2023 a](#). Lidèchip New York nan finans, enèji, transpò, swen sante, semikondiktè ak lòt domèn enpòtan fè Eta a tounen yon sib pou atak sibènetik ak oswa lòt menas sibènetik, epi frekans, anplè ak enpak evènman sa yo kontinye ogmante. Atak lojisye malveyan (ransomware), kote pirat yo kenbe done ak sistèm yo an otaj, te ogmante 13 pousan nan tout peyi a an 2021, epi depi 2017, plis pase 3,600 gouvènman eta, lokal ak tribal atravè peyi a te sibi atak.

Biwo kont teworis DHSES la pral kreye ekip evalyasyon sistèm kontwòl endistriyèl (ICS) pou pi byen pwoteje rezidan yo kont atak sibènètik yo ak efè yo. Nan travay ansanm ak pwogram evalyasyon sekirite fizik ak sibèsekirite ajans lan, ekip la pral ede enèji, transpò, fabrikasyon ak lòt sistèm enfrastrikti enpòtan yo amelyore posti sekirite jeneral yo epi fè sistèm kontwòl endistriyèl yo vin pi rezistan kont atak sibènètik.

**Ofisye Sibènètik an Chèf Eta New York, Colin Ahern, te deklare,** "Pandan menas yo pou enfrastrikti dijital nou an kontinye evolye ak grandi nan sofistikasyon, li pi enpòtan ke jamè pou nou envesti nan resous pou pwoteje Nouyòkè yo kont menas sibènètik. Lidèchip kontinyèl Gouvènè Hochul la pral ede asire ke enfrastrikti enpòtan New York vin pi rezistan kont menas sa yo".

**Ofisye Enfòmasyon Anchèf Eta New York la, Angelo "Tony" Riddick, te deklare,** "Investisman istorik sa yo nan sibèsekirite ke Gouvènè Hochul te prezante pral bati sou pwogrè nou te fè nan dènye ane a pou etabli JSOC ak enplemante teknoloji efikas deteksyon prensipal pou sansibilizasyon ak aksyon, epi ki konsistan avèk apwòch tout eta nou an, kote gouvènman eta ak lokal yo fè fas a defi sa yo ansanm. Antanke ajans eta a ki responsab pou pwoteje sistèm eta a kont entrizyon oswa atak, nou konnen menas la reyèl epi nou remèsye Gouvènè Hochul paske li priyorize sibèsekirite amelyore yon lòt fwa ankò ane sa a pou nou ka pi byen sekirize resous nou yo epi pwoteje tout Nouyòkè yo".

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la, Jackie Bray, te deklare,** "New York te ogmante kapasite defans sibènètik li yo anba lidèchip Gouvènè Hochul epi 2023 pral kontinye bati sou investisman istorik sa yo. Fè enfrastrikti enpòtan nou yo vin pi rezistan pa janm te pi enpòtan. DHSES espere bati sou patenarya nou yo avèk operatè enfrastrikti kritik yo pou amelyore sibèsekirite epi limite dezòd nan ane k ap vini yo".

Finansman yo pwopoze a pral sipòte tou sèvis sibèsekirite pou gouvènman konte ak lokal yo nan ane fiskal 2024 la ak pi lwen, ki baze sou [kreyasyon](#) premye Sant Operasyon Sekirite Konjwen nan Eta New York pa Gouvènè Hochul. Sèvis pataje sa yo ede gouvènman konte ak lokal yo evalye ak rezoud twou vid ki genyen nan defans sibènètik yo. Sèvis pataje yo konplee efò kontinyèl Eta a pou konstwi yon imaj komen sou menas sibènètik ke ekip sibèsekirite yo pataje nan gouvènman federal, eta, vil ak konte yo, enfrastrikti enpòtan antite piblik ak prive posede, ak ajans Eta yo ki gen ladan Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo, Biwo Sèvis Teknoloji Enfòmasyon, Lapolis Eta New York, pami lòt yo.

###